

Pwoteje tèt ou, Florid

Yon èd pou fanmi k ap travay yo

Si anplwayè w ofri w yon asirans sante, men ou pa ka peye pou ajoute rès fanmi w sou menm plan an, ou ka gen posiblite jwenn èd pou w peye mwens chak mwa lè yo enskri nan yon plan Marketplace.

Anvan 2023, si yon moun te ka jwenn yon asirans sante pou tèt li atravè djòb li, rès fanmi li pa t ka jwenn okenn èd finansye pou enskri nan yon plan sou Marketplace la.

Kounye a, gouvènman federal la chanje sa "pa twò chè" a vle di. Yon asirans pou tout fanmi w pa kapab plis pase 8.39% revni fwaye w. Si li plis, manm fanmi w yo gendwa kalifye pou yo jwenn èd lè yo enskri nan yon plan Marketplace.



Bon nouvèl la

Yo chanje fason yo detèmine sa ki twòp pou yon moun peye atravè lwa Affordable Care Act la (ACA). Kounye a, manm fanmi anplwaye a gendwa kalifye pou jwenn yon èd finansye. Sa vle di moun ki sou kont anplwaye a gen posiblite pou yo jwenn yon plan Marketplace ki koute mwens kòb, yon plan ki pa menm ak plan sante anplwayè a ofri a.

Yon pi bon nouvèl toujou

Kounye a, gen plis èd finansye toujou pou ede moun peye pou asirans sante yo. Chèche jwenn bonjan enfòmasyon sou asirans sante pou w ka pran yon bon desizyon, ni pou tèt ou, ni pou fanmi w.



- Genyen 9 moun sou 10 nan eta Florid ki gen yon plan Marketplace ki te jwenn èd finansye an 2023.¹
- De paran ki nan senkantèn yo, ki gen 2 adolesan lakay yo e ki touche \$139,000 kapab peye sèlman \$10 chak mwa apre sibvansyon yo.²
- Plis pase 460,000 moun ki pa asire nan eta Florid te ka jwenn yon plan sante kote yo peye \$0 chak mwa apre yo jwenn yon èd finansye.³

Ale sou [GetCoveredFlorida.com](https://www.GetCoveredFlorida.com) pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje fanmi w gras a yon plan asirans sante.

¹Fichye itilizasyon piblik nan nivo eta a pou peryòd enskripsyon ouvè a pou 2023 <https://www.cms.gov/data-research/statistics-trends-and-reports/marketplace-products/2023-marketplace-open-enrollment-period-public-use-files>

²Selon sibvansyon American Rescue Plan yo pou yon plan Bronze nan konte Monroe a, done FPL yo ak prim yo itilize kòm referans nan lòt konte Florid pou 2024.

³Selon yon analiz estatistik ki fèt sou echantiyon mikwo-done pou itilizasyon piblik nan sondaj kominote ameriken yo an 2019 (Public Use Microdata Sample, PUMS), ak kèk ajisteman ki fèt akòz Covid-19 nan done sou kwasans Medicaid nan eta Florid ki soti nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, nan done sou kwasans enskripsyon endividyèl ki soti nan rapò CMS sou peryòd enskripsyon ouvè a pou 2023 ak nan done sou moun ki pèdi anplwa yo ki soti nan Biwo Estatistik sou Travay la.

Se Florida Blue, yon konpayi endepandan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.